Метафора бывает не только одиночной. Она может развиваться в тексте произведения, образуя целые цепочки образных выражений. А в некоторых случаях она может охватывать и пронизывать весь текст. Это развернутая и сложная метафора. Благодаря образному осмыслению обычное употребление слова превращается в основу разветвленной и многоплановой метафоры.

Таким образом, в художественной прозе Т.Каипбергенова широко используется метафора. Названия животных подвергаются метафоризации в гораздо большей степени, чем названия птиц, рыб, насекомых. При этом экспрессивная характеристика положительного или отрицательного типа не связана с определенной тематической группой слов. Наблюдается употребление индивидуально–авторских метафор.

**Литература**

1. Алефиренко Н.Ф., Аглеев И.А. Когнитивная метафора и фраземосемиозис. Сб.науч.тр. Когнитивные факторы взаимодействия фразеологии со смежными дисциплинами. –Белгород: Бел.ГУ. 2013, -С.29-32.
2. Ефимов А.И.Стилистика художественной речи. -М.: 1961.
3. Қайыпбергенов Т. «Қарақалпақ дәстаны», «Маман бий әпсанасы». –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1973, 499-б.
4. Чересюк П.А. Автореферат кан.дисс. –Белгород: 2022, -С.16.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада метафора ёзувчи Т.Қаипбергенов бадиий матнининг образли воситаси сифатида муҳокама қилинади. Тадқиқот Т.Қаипбергеновнинг “Маман бий апсанаси” (“Маман бий афсонаси”) романи материали асосида олиб борилди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается метафора как образное средство художественного текста писателя Т.Каипбергенова. Исследование проведено на материале романа Т.Каипбергенова «Маман бий әпсанасы» («Сказание о Маман бие»).

**SUMMARY.** This article discusses metaphor as a figurative means of the literary text of the writer T. Kaipbergenov. The study was carried out on the material of the novel by T. Kaipbergenov "Maman biy əpsanasy" ("The Tale of Maman biy").

## QARAQALPAQ PROZASÍNDA DETEKTIV GÚRRIŃLERDIŃ TUTQAN ORNÍ
### (J.Óteniyazovtıń detektiv gúrrińleri mısalında)

**Z.M.Allamuratova –** *filologiy ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch so‘zlar:** adabiyot, janr, detektiv, syujet, hajviy syujet, hikoya.
**Ключевые слова:** литература, жанр, детектив, сюжет, комический сюжет, повесть.
**Key words:** literature, genre, detective story, plot, comic plot, story.

XX ásirdiń 80-jıllarında jámiyetlik turmısta orın alǵan ózgerisler, «qayta qurıw» siyasatı óz gezeginde kórkem ádebiyatqa da tásirin tiygizdi. 80-jıllarda jazılǵan dóretpelerde 60-70-jıllardaǵıday jobaların 2-3 esege artıq orınlap atırǵan paxtakesh, salıkesh, sharwalar obrazı emes, al kerisinshe, xalıqtıń kún kórisi, Aral katastrofası, Watan, millet keleshegin qayǵırıw, adamlardıń pás peyil-ıǵbalına kúyiniwi hám taǵı basqa xarakterdegi qaharmanlar obrazı dóretildi.

Mine, usınday mazmunlıq hám formalıq bayıw procesinde XX ásirdiń ortalarınan baslap qaraqalpaq prozasında detektiv mazmundaǵı shıǵarmalardıń júzege keliwi de biziń milliy ádebiyatımızdıń sózsiz alǵa ilgerilewiniń bir faktı bolıp esaplanadı.

Ádebiyattanıw iliminde “detektiv janr” ataması menen birge “detektiv roman”, “detektiv povest”, “detektiv novella”, yamasa “detektiv gúrriń” atamaları izbe-iz qollanılıp kelinedi. Detektiv janrlarǵa tiyisli shıǵarmalar - gúrriń, povest, romanlardı óz ishine aladı, bul onıń tematikalıq jaqtan ajıralatuǵının kórsetedi. Bizińshe, hár qanday tema avtordıń kórkem dóretiwshiligine baylanıslı, qálegen janrda kórsetip beriwi múmkin. Mısalı, Alp Er Twnga haqqında qosıq, dástan, povest dóretiw múmkin bolǵanı sıyaqlı, roman dóretiwshilik etiw hám tájiriybeli jazıwshı ushın qıyınshılıq tuwdırmaydı. Tema bolsa, óziniń specifikalıq tábiyatına qaray, kóp jaǵdaylarda forma belgilewshi wazıypasın atqaradı [3:11].

Biz de B.Xaliqovtıń usı aytılǵan pikirlerine qosılǵan halda kóp jaǵdaylarda shıǵarmalarda, ásirese detektiv shıǵarmalarda, forma belgilewshi wazıypa atqarıp keledi degen pikirin maqullaymız.

Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq prozasında házirgi zamannıń aktual máselelerin sáwlelendiretuǵın shıǵarmalar, ásirese, operativ janr bolǵan gúrrińlerdiń ideyalıq - tematikalıq jaqtan rawajlanǵanın kóriwge boladı. Usı dáwir gúrrińlerdiń baslı tematikası hár tárepleme jetilisken kámil insan obrazın jasaw, adam balasınıń táǵdir soqpaqlarındaǵı túrlishe is-háreketlerin, ádep-ikramlılıq, adamgershilik qásiyetlerin, jamanlıqtan jiyirkeniw, nápsi bálesine jolıǵıwdıń unamsız aqıbetleri hám t.b. máselelerge baǵıshlanǵan. Bul dáwirdegi gúrrińler tematikasında insannıń tirishilik haqqındaǵı ǵalma-ǵalları, ómirdiń qarama-qarsılıqlı soqpaqları, bala-shaǵa baǵıw jolındaǵı talpınısları, úydi-úy etiwdegi hayaldıń ornı, ata-ananıń keń qálbi, muhabbat jolında aljasqan hayal-qızlar táǵdiri, perzent tárbiyası máseleleri, balalıqtaǵı ersi qılıqlar, jamanlıq hám jaqsılıqtıń gúresleri, iyman-insap, haqıyqatgóylik hám t.b. tolıp atırǵan máselelerde ortaǵa qoyılıp, sheberlik penen hár tárepleme kórkem sáwleleniw tapqan. Usı dáwirde burınnan dóretilip kiyatırǵan hár qıylı temalardaǵı gúrrińlerdiń qatarına (mısalı: tuwılǵan jer ham watan temasın sáwlelendiriwge arnalǵan gúrrińler, ádep-ikramlıq, joqarı adamgershilik, kámil insan obrazın sáwlelendiriwge arnalǵan gúrrińler h.t.b.) detektiv gúrrińler degen atama menen de bir qansha gúrrińler dóretilip baspa sózde járiyalana basladı.

Detektiv gúrrińlerdiń mazmunında tiykarınan jınayat júz beredi, sol jınayattı ashıw ushın gúrriń qahamanlarınıń alıp barǵan hár qıylı háreketleri, tolǵanısları, ekileniwleri sóz etilip barıladı. Bunday mazmundaǵı gúrrińlerdi dóretiwde belgili shayır, jazıwshı, otstavkadaǵı podpolkovnik Jumaniyaz Óteniyazov elimizde ǵárezsizlikti bekkemlew dáwirinde ishki isler organları xızmetkerleriniń jınayatshılıqqa qarsı gúreslerin sáwlelendiriwshi bir qansha gúrrińler dóretti.

Dúnyada adamzattıń eki dúnyası, yaǵnıy materiallıq hám ruwxıy dúnyası bar bolatuǵın bolsa, ekewinde barabar teńsalmaqlılıq bolıwı kerek. Eger materiallıq tárepi kúsheyip ketse, onda insannıń psixologiyası ózgeredi. Mine usı sıyaqlı jámiyetimizde óziniń insanıylıǵınan ayrılǵan, olardıń ózleriniń tuwrı joldan shıǵıp ketiwine sebepshi bolǵan spirtli ishimlikler, náshebentlik sıyaqlı unamsız illetlerdiń jámiyetimizde kóp ushırasatuǵının jazıwshı óziniń detektiv gúrrińlerinde óz sáwleleniwin tapqan. Jumaniyaz Óteniyazovtıń «Urlanǵan seyf» kitabında joqarıda biz sóz etken mazmundaǵı detektiv gúrrińler jıynaǵı toplanǵan bolıp esaplanadı. Yaǵnıy toplamda bir neshe gúrrińler kirgizilgen bolıp, olardıń derlik kópshiliginde jınayat isi qozǵatılıp olardan oqıwshılar ózlerine kerekli juwmaq shıǵarıp, dáwir talabı bolǵan sergeklikke shaqırıladı.

Kitaptıń eń birinshi gúrrińi **«Qal»** dep atalatuǵın gúrriń bolıp, bul gúrrińniń temasın bir oqıǵannan oqıwshı mazmunın túsinip kete almaydı, sebebi bul atama jabıq tema bolıp, bir qaraǵanda atlıq sóz bolıp, ekinshi tárepten feyil sóz xızmetin atqarıp ketedi. Bul atama ne ushın qoyılǵanın oqıwshı mazmunın oqıp shıqpay biliwi múmkin emes.

Gúrrińniń mazmunına qaraytuǵın bolsaq, Dáwlet degen tergewshi jigit bolıp, waqıya usı jigittiń xızmet wazıypası menen komandirovkaǵa ketip baratırǵanın atastırılǵan qızı menen bolǵan dilogı arqalı málim bolıwı menen baslanadı. Bul gúrrińindegi jınayat adam ólimi menen baylanıslı boladı.

Dáwletke qońıraw shalınıp, óziniń komandirovka boyınsha kelgen jumısın toqtatıp turıwın, basqa bir jınayat penen yaǵnıy úyin tonap, úy iyelerin óltirip ketilgen jınayat boyınsha is baslawı kerek ekenligi haqqında tapsırma aladı. Olar toparı menen júz bergen jerge kelgeninde ol jerde jas qız hám jası úlkenlew bir er adamnıń (keyinlew anıqlanıwınsha qızdıń ákesi) óli denelerin kóredi. Al, jası úlkenlew hayal (keyinlew anıqlanıwınsha qızdıń anası) jaraxat alıp, emlewxanaǵa túskenligin aytadı. Sol hayal házir ózine kelip atırǵanın hám onnan soraw alıw kerekligin aytıladı. Sońlaw ishki isler bólimi baslıǵı Keńesbay Tilewimbetov tiri qalǵan anası Sulaymanovanıń túsinik xatın oqıp esittiredi. Onda hayal keshte dem alıwǵa jatpaqshı bolǵanında eki adam úyine bastırıp kirgenin aytıp, pistolet penen qorqıtqanın, sonda kúyewi aqshanıń ornın kórsetip atırǵanda qızı járdem sorap dalaǵa shıǵa bergende qızǵa qaray eki márte oq atılǵanın, oǵan ákesi juwıra bergende onı da atıp, hayaldıń da qulaq shekesinen oq juwırıp ótkenin esleydi. Keyin ol esin joǵaltıp, ne bolǵanın bilmeytuǵının, ózine kelgende úyde hesh kim joqlıǵın, jaqınları óli halda bolıp, ózi zorǵa qońsı úyge járdem sorap baradı. Sulaymanova eki adamnan gúmanlanıp atırǵanın, biri kúyewiniń burıńǵı hayalınan bolǵan balası Sultan, ekinshisi onıń jorası Qalbay. Qalbaydan gúmanlanǵanınıń sebebi onıń iyegindegi qalı bar bolıp, sol kúni tonawshılardıń biriniń de qalı bar boladı. Sonnan soń gúmanlanıwshalırdan tergew jumısları alıp barıladı. Biraq Sulaymanova gúmanlanıp atırǵan eki gúmandar da ayıpsız bolıp shıǵadı.

Tergewshiler jınayatshını taba almaǵanınan keyin jáne jınayat júz bergen jerge baradı hám jáne jınayatqa baylanıslı zatlardı kózden keshiriwge barǵanında sol úydiń atirapında áynektiń sınıqların kóredi. Sóytip ol sınıqlardı anıqlastırǵanında, ekspertiza áynektiń sınıqları mashinanıń aynasınıń sınıqları ekenligin, onıń qanday mashina ekenligin reńine shekem anıqlastırıp beredi. Biraq gúmanlanıp ekspertizaǵa alıp barılǵan 9 mashinanı da ekspertiza «aqlap» shıǵadı. Opertiv topar tarqatılıp, jınayattı izlew bóliminiń xızmetkerleri menen birge Dáwlet tiykarǵı xızmet atqaradı. Dáwlet waqıya bolǵan kúnnen baslap bolǵan barlıq hádiyselerdi tekserip, ózi úyrenip shıǵıwǵa bel baylaydı. Qońsı rayonda jol avtomobil hádiyseleriniń ishinde ol izlegen markada bir de bir waqıyanıń esapqa alınbaǵanına qarap ol kelesi rayonǵa ótpekshi bolǵan Dáwlet prokuraturanıń tergewshisi bolıp islep atırǵan Muratbay Abdullaevqa jolıǵadı. Muratbay elege shekem jınayatshılardı kelisim menen jawıp atırǵanın, jaqında birew tayaq jep, emlewxanaǵa jaradar bolıp túskenin, biraq abıroylı adamlar ortaǵa túsip jınayattı jawıp taslaǵanın hám onıń izlep júrgen avariyası da usı aymaqta bolǵanına isenimi kámil ekenin, sebebi, sol jerlerde ózi de jınayatshınıń avariya bolǵanın kórgenin aytadı. Solay etip, ol Dáwletti avariya bolǵan jerge aparıp, avariyanıń qalay bolǵanın túsindiredi hám rulde Jabbarovtıń inisi bolǵanın aytadı. Dáwlet oǵan házirshe bul haqqında heshkimge aytpaǵan jón deydi. Solay etip olar Jabbarovtıń inisi Amanbaydı tergewge shaqıradı. Onıń aytıwınsha sol kúni ol qońsı qız-jigitler menen yaǵnıy, Almuratova Lalagúl, Embergenova Saraxan, Úmbetov Arıslan tórtewi «Qızıl bayraq» sovxozına koncertke barǵan boladı. Onnan keyin Úmbetovtı tergep baslaydı. Oǵan Amanbaevtıń mashinası avariya bolǵan kúni jınayat júz bergenin hám bul jınayatqa Amanbaydıń mashinasınıń qatnasqanın aytadı. Onnan Amanbaydıń gúman tuwdırarlıqtay tanısları bar-joqlıǵın soraǵanda ol arasında bir jigitler 13-76 nomerli qızıl reńli jiguli menen Amanbaydı izlep kelip turar edi. Ol mashina biziń rayonnıń mashinası emes, alıstan kelse de sırttan keter edi,- deydi. Olardı sońǵı ret qashan kórdiniz degende mektepte basketbol jarıs ótkergen kúni keledi, birewi uzın arıq, ekinshisi tolıq deneli iyeginde qalı bar edi deydi. Onı kórgen waqıtta tanıysızba degeninde, tanıwım kerek, onıń aldına top barǵanında toptı tewip jardı, men onıń támbisin bermekshi bolǵanımda Amanbay ayırıp jiberdi, -deydi.

Solay etip, usı jerde jazıwshı «qal» dı sırlı predmetlik detal retinde ózlestirip, oǵan syujet rawajlanıwınıń keleshek baǵdarın tıǵız baylanıstırıp qoyadı.

«Urlıq túbi qorlıq»-dep biykarǵa aytılmaǵan. Bul dúnya dúnya bolǵalı birewdiń dúnyası ekinshi birewge buyırǵan emes, buyırmaǵan da. Biz sóz etip otırǵan gúrrińde jazıwshı qoldıń kiri bolǵan aqshanı dep jap-jas qızdıń hám onıń ákesiniń dúnyadan biymezgil kóz jumıwı, bir baxıtsız hayal (yaǵnıy qızdıń anası) súyener tawınan (kúyewinen) hám júreginiń bir bóleginen (qızınan) ayrılǵan ayanıshlı táǵdirin jazıwshı isenimli túrde sheberlik penen súwretlep bere alǵan. Sonday-aq ishki isler bóliminde ayırım jınayatlardı tanıs-bilislik, kelisim menen jawıp jiberiw halatlarınıń da bar ekenligin ashıq hám isenimli súwretleydi.

**«Fortochnik»** gúrrińinde bolsa jas óspirim balanıń urlıǵı, jámiyetimizde ayırım hayal-qızlarımızdıń ırımsırımǵa, kóshedegi otırǵan palkerlerge isenip uyatqa qaǵan Gúlxan obrazları arqalı bir jınayattıń júz beriwi hám sol jınayattı ashıw barısındaǵı qıyan-keski waqıyalardı bayanlap beredi. Gúrrıń waqıyası Sádirbaydıń hayalı Gúlxannıń shkaftaǵı sháynektiń ishine salıp qoyǵan júziginiń joǵalıwınan baslanadı. Ol ári-beri izleydi taba almaydı, úyinde jatıp oqıp atırǵan biykeshi Ulbosınnan da qayta-qayta soraydı, hesh kim kórmegen bilmegen. Ol palkerge barıp pal ashtıradı, palker: jaqın adamın aldı degen ol sol sózge jabısıp alǵan, kúyewine sen alǵansań yamasa ana qarındasıń alǵan dep turıp aladı. Sebebi, bul úyge sırttan kirip atırǵan adam joq, azannan keshke ózi úyinde. Kim alıwı múmkin. Ishki isler uyımlarına xabar beriledi, hám bul jumıs boyınsha olar shuǵıllanıp úyrenilip barıladı. Sol átirapta taǵı da usıǵan uqsas úyinen zatlar, buyımlar joǵalıwı tez-tez júz berip turǵanlıǵın bayanlaydı. … Jınayat qıdırıw bólimi opertiv wákili mayor Rustem Tóreev «úylerden júzik, sırǵa urlanıp atır» degendi esitkende: «Haw, mına Fortochnik» ten kelgen emes pe eken? dep eleń etti.

Mikrorayonnıń kóp qabatlı úyleriniń arasında toǵız on jaslar shamasındaǵı sarı shashlı bala juwırıp oynap júr. Rústem onı tanıdı: «sol Sasha Ulmuntas!» «Tap usıdan kelgen bále! Ne degen menen búgin keshte ańlıp kóreyin».

Bul Sasha degen bala ata-anasınan qarawsız qalǵan boladı. Anası onıń menen jasaǵanı menen itibarsız, al ákesi Litvada turadı.

Ulıwma shıǵarma barısında waqıyalar shiyelenisip bara beredi. Al, usı urılardıń uslanıwın hám ózleri gúman etken 9-10 jasar Sashanıń jınayatın shıǵarmada bılayınsha ashıp bere alǵan: «Túngi saat on eki yarımda ol dalaǵa juwırıp shıqtı. Úyine jaqın múyeshte kútip turǵan eki sherigine erip, Muwsaev kóshesine túsip arqa tárepti názerge aldı. Kósheniń kesispesine kelgende urılar toqtadı. Ulmuntastı kóterip, biyik tas tırnaqlı jaydıń áyneginiń fortochkasınan kirgizip jiberdi…

Sashka tez arada shıqpadı. Ol kishkene shkaflardı, shayneklerdi, vazalardı tap ózi qoyǵanday tawıp, altın shınjırlı medalonlardı júzik-sırǵa, bileziklerdi alıp, kirgen fortochkasınan epshillik penen shıǵıp, jerge sıpırılıp tústi». (133-bet)

Gúrrińnen kórip turǵanımızday ata-ananıń itibarsızlıǵı bala ushın qanday halatlarǵa alıp keletuǵınınıń, qarawsız ekenligin sezgen qálegen jınayatshı onı ózlerine sherik etip alıp, qálegen jolǵa baslay alatuǵınlıǵın jazıwshı bul gúrrıń arqalı uqtırmaqshı boladı. Sonday-aq, «Gúman iymannan ayıradı» degendey «altın júzigimdi kúyewim, yamasa

biykeshim aldı» dep gúman etken Gúlxannıń isenimsizliginiń nátiyjesinde úlken uyatqa qalǵanlıqların qórip, sebepsiz jala jabıwdıń aqıbetlerin kórip nátiyje shıǵarıp sabaq alsaq boladı.

J.Óteniyazovtıń biz toqtalıp ótken gúrrińlerin oqıp analizlew arqalı, onıń turmıstı tereń biliwi onıń jınayat qıdırıw bóliminde jumıs alıp barıp bunday jınayatlı háreketlerdi óz kózi menen kórip-bilip júriwi de jazıwshıdaǵı dóretiwshilik tabıstıń tiykarǵı kriteriy giltleriniń biri bolsa kerek. Jazıwshınıń biz sóz etken gúrrińlerinde waqıyalardıń izbeizligi, turmıstaǵı áhmiyeti sonday isenimli túrde súwretlense, solarǵa qatnasıwshı personajlar menen oqıwshı da úlken sezimtal oylardı basınan keshiredi. Personajlardıń halatın oqıwshı tap basınan keshirgendey boladı. Ayırım jazıwshılardıń gúrrińlerinde avtor hámme nárseni sırttan baqlap, yadtan qurıp otırǵanday boladı. Nátiyjede waqıyalar oqıwshını isendirmeydi. Al, J.Óteniyazovtıń gúrrińlerinde hár bir qaharman háreketleri, psixologiyası, onıń ózine tán ózgeshelikleri avtor tárepinen sheber qollanılǵanlıǵın personajlardıń dialogları, is-háreketleri, oyları, pikirleri, ishki keshirmeleri arqalı anıq kózge taslanadı.

**Ádebiyatlar**


1. Алламбергенова П. Тереӊ идеялы, көркем гүрриӊлер керек // Әмиўдәрья. –Нөкис: 1991. №10. 78-б.
2. Сагидуллаева Ж. (Қарақалпақ повестьлеринде стильлик изленислер (1980-жыллар повестьлери мысалында). –Нөкис: 2010, 114-б.
3. Холиқов Б. Детектив роман поэтикаси. –Тошкент: 2016. 11-б.



**РЕЗЮМЕ.** Maqolada J.Oʻteniyazov hikoyalarida detektiv shakllarning qoʻllanilishi haqida soʻz boradi. Qoraqalpoq adabiyotidagi detektiv hikoyalarning mohiyati terang oʻrganilib, misollar bilan ifodalangan..

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается использование детективных форм в рассказах Ж.Ўтениязов. Сущность детективов в каракалпакской литературе подробно изучена и выражена на примерах.

**SUMMARY.** The article discusses the use of detective forms in the stories of J. Uteniyazov. The essence of detective stories in Karakalpak literature is studied in detail and expressed with examples.


## М.ЖУМАНАЗАРОВА ҲӘМ П.МЫРЗАБАЕВАНЫҢ ФИЛОСОФИЯЛЫҚ-ИНТЕЛЛЕКТУАЛЛЫҚ ЛИРИКАСЫНДА ЛИРИКАЛЫҚ ХАРАКТЕРДИҢ ЖАРАТЫЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИГИ


**Х.Р.Алиева –** *таяныш докторант*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар**: шеърият, хотин-қизлар шеърияти, лирика, лирик қаҳрамон, фалсафа, фалсафий-интеллектуал лирика, лирик характер.

**Ключевые слова**: поэзия, женская поэзия, лирика, лирический герой, философия, философо-интеллектуальная лирика, лирический персонаж и др.

**Key words**: poetry, women's poetry, lyrics, lyrical hero, philosophy, philosophical and intellectual lyrics, lyrical character, etc.


Философия – инсанның дүньяда тутқан орны ҳәм дүньяқарасын белгили бир системалы сәўлелендириўши руўхый искерликтиң бир формасы [8:179]. Көркем әдебияттағы поэзиялық шығармалардағы философиялық лирикада да лирикалық қаҳарманның әтирапқа, жаратылысқа, пүткил әлемге деген көзқараслары бериледи. Әдебияттаныў илиминде «философиялық лирика» менен бирге «интеллектуал лирика» бойынша бир қанша пикирлер билдирилген.

Интеллектуал лирикаға Д.Қурановтың «Әдебияттаныўға кирисиў» сабақлығында төмендегише тәрип берилген: «Барлықтың конкрет мәселеси – өмир ҳәм өлим, инсан тағдири ямаса минезқулқы, жәмийет ҳ.т.б мәселелер ҳаққындағы шайырдың ой-пикирлери тийкарына қурылған қосықлар инттеллектуал лирика үлгиси саналады» [1:187] - деген пикири бериледи. Илимпаздың бул пикирине үнлес пикирди Б.Қ.Фазлиддиновтың мийнетинде де ушыратамыз: «Философиялық-интеллектуал поэзия – лириканың мазмун (проблематика) тәрепинен айырықша түри есапланған философиялық лирика ҳәм интеллектуаллық лирика синтези, ол әлем ҳәм адам мүнәсебетлериниң тағдир, өмир, муҳаббат, өлим сыяқлы мәңгилик машқалалары ҳаққында тереӊ билимге таяныпп пикир жүритиўден пайда болады. Бунда әдетте *сезимтал сана* менен байланыслы болған эстетикалық заўық ақылый сана қуралы арқалы жүзеге келеди. Философиялық интеллектуаллық лирика көркем пикирлеў менен илимий пикирлеўдиң кесилсикен ноқатында пайда болады. Лирика негизинде сезим турар екен, бул философиялық-интеллектуал лирикада қандай өзгешелик болады? Айтып өтиў керек, бул жөнелистеги қосықларда пикирлеўши кеширме үстинлик етеди. Философиялық-интеллектуал лирикада пикир ҳәм сезим мүнәсибетин төмендегише көрсетиў мүмкин.

– Пикир сезимге қарағанда жетекши орында дурады;

– Сезим жәрдемши қурал ўазыйпасын атқарады [9:162].

Бул еки илимпазда философиялық-интеллектуаллық лириканың жанрлық талабында сезимнен пикирдиң яғный ақылдың сезимнен үстемлик етеди деп көрсетеди.

Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде ф.и.д., профессор, Қ.Оразымбетов «Лирикалық шығармаларды егер тематикалық жақтан бөлиў керек болса, оны философиялық-медетативлик лирика ҳәм сиясый лирика деп бөлген оның мәнисине жуўап береди»[7:53] деген пикирди билдиреди ҳәм бундай лириканың 80-жыллардың екинши ярымынан баслап ен жайғанын атап өтеди.

Қарақалпақ әдебиятында, соның ишинде ҳаял-қызлар дөретиўшилигинен М.Жуманазарова ҳәм П.Мырзабаева дөретиўшилигинде биз, сезимнен ақылдың үстемлик етиўши философиялық-интеллектуаллық лириканың үлгилерин ушыратамыз.

Көпшиликтиң ойына келетуғын дәслепки пикир, ҳаял адамның тәбияты сезимге қуштар болады, олардың дөретиўшилигинде де сезим жетекшилик етеди деп айтыўы да мүмкин. Бирақ, биз, ҳәр еки шайыра қосықларын анализлеп қарағанымызда дөретиўшиси ҳаял-қызлар болыўына қарамастан, сзимлеринен өмир, дүнья, ҳақыйқатылық сыяқлы медетативлик пикирлерди ушыратамыз. Мәселен:

Өмир - бул бир дәрбент жолдур,
Кәрўан өтер нешше қыйлы.[5].

Шайыра П.Мырзабаеваның «Өмир - бул бир дәрбент жолдур» деп аталған қосығында өмир философиясы ҳаққында сөз барады. Инсанийат дүньяға келер екен әлбетте бул өмирдиң пәс-бәлентин көреди. Шайыр бундай ой-толғаныcларды бериўде көркемлеў қураллары ҳәм усылларынан шебер пайдаланған. Қосықтың атамасы менен дәслепки қатардың өзиндеги теңеўде үлкен ой-толғаныcларды береди. Өйткени, жол қаншелли узын, кең болмасын оның да қыйыр-шыйыр, шым-шытырық, ойлы-бәлент жоллары болады. Инсан өмири де дәл сондай. Лирикалық қаҳарман өмирдиң бундай қубылысларын ойшаң гүзетеди. «Жүрегим - бир кәрўансарай», «Жаслығым - бул екинши көш» қатарларында биз және де шайырдың индивидуал стилине тән теңеўлерди ушыратамыз. Бул арқалы лирикалық қаҳар-